

Fòm Reklamasyon pou Avi Avètisman Sispansyon / Anilasyon Lisans Pwofesyonèl oswa Lwazi

Enstriksyon: Ou ka evite sispansyon/anilasyon pouswit si ou resevwa asistans tanporè oswa revni sekirite sipemantè (supplemental security income, SSI); revni pa ane ou pi pitit pase rezèv otosifizans ou ki se 21,128 dola pou 2025 oswa tonbe pi ba pase rezèv otosifizans ou apre ou fin peye obligasyon pansyon aktyèl ou; oswa enfòmasyon ki nan *Avi Avètisman* an pa bon.

- Ranpli Seksyon 1 an si w ap reklame ke w ap resevwa asistans piblik oswa revni sekirite siplemantè (SSI), oswa revni pa ane ou tonbe pi ba rezèv otosifizans ou.
- Ranpli Seksyon 2 a si w ap konteste ke enfòmasyon ki afiche nan *Avi Avètisman* sa pa kòrèk epi gen yon erè ki fèt nan reyalite a.
- Tcheke tout kaz ki apwopriye epi antre enfòmasyon presi yo mande a.
- Tanpri ekri non ou, siyen epi mete dat sou fòmilè sa. Retounen fòm sa ak tout dokiman sipò bay Inite Prelèvman Pansyon Alimantè a (Support Collection Unit, SCU) nan adrès SCU yo bay nan anlè *Avi Avètisman* ki akonpaye a **nan kenz (15) jou** apati dat yo te voye avi a pou ou a.
- Y ap voye yon avi desizyon alekri ba ou konsènan reklamasyon w lan.

Itilize lank nwa sèlman

Seksyon 1: Reklamasyon Revni

☐ Mwen pa ta dwe soumèt a yon mezi sispansyon/anilasyon lisans pwofesyonèl oswa lwazi (*tcheke chak kaz ki aplike pou ou*):

- ☐ Mwen resevwa asistans tanporè.
- ☐ Mwen resevwa benefis revni sekirite siplemantè (SSI).
- ☐ Revni pa ane mwen tonbe pi ba pase rezèv otosifizans lan (21,128 dola pou 2025).
- ☐ Revni pa ane mwen tonbe pi ba pase rezèv otosifizans lan (21,128 dola pou 2025) lè mwen fin peye obligasyon pansyon aktyèl la.

☐ Mwen anekse dokiman sa yo pou sipòte reklamasyon mwen (egzanp: yon avi benefis ki soti nan Depatman Sèvis Sosyal la oswa yon lèt atribisyon revni sekirite siplemantè (SSI) ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal la, kopi deklarasyon enpo sou revni Eta ak federal ki pi resan mwen te depoze ak yon kopi deklarasyon salè ak taks W-2 mwen te soumèt ak deklarasyon yo):

Seksyon 2: Reklamasyon pou erè nan reyalite a

☐ Mwen konteste yon erè reyalite sou sa ki apre yo (*tcheke chak kaz ki aplikab pou ou*):

- ☐ Mwen pa moun ke yo idantifye kòm paran ki pa gen gad timoun lan.
- ☐ Lòd pansyon an pa egziste.
- ☐ Aryere pansyon yo / montan pansyon ki dwe yo pi plis pase montan pansyon mwen dwe pou yon peryòd kat (4) mwa.
- ☐ Inite Prelèvman Pansyon Alimantè a (Support Collection Unit, SCU) te fè yon erè nan montan dèt pansyon alimantè pou timoun mwen dwe a.
- ☐ Lòt. Bay yon eksplikasyon pou reklamasyon w lan: _____

☐ Mwen anekse dokiman sa yo pou sipòte reklamasyon mwen an (egzanp prèv idantite, kopi òdonans ki fini, anile, oswa modifiye a alokasyon pansyon an):

Konplete epi Soumèt pa:

Non (An lèt detache)

Siyati

Dat

Idantifyan Dosye New York: _____ Non Konte SCU a: _____